



# REPONS NAN ENTÈVANSYON

## Yon Gid Repons pou Paran yo nan Entèvansyon

University of the State of New York  
Depatman Edikasyon Eta  
[www.nysed.gov](http://www.nysed.gov)

### Entwodiksyon

Tiliv sa a bay anpil enfòmasyon pou paran yo ak fanmi yo ak lòt moun konsènan Repons nan Entèvansyon [Response to Intervention (RtI)]. RtI se yon metòd yo itilize nan lekòl yo pou bay ansèyman ki byen konsevwa, pou kontwole pwogrè tout elèv yo depre epitou pou bay lòt sipò nan ansèyman an pou elèv k ap debat yo. Èd siplemantè sa a se pou ede elèv yo kenbe avèk aprantisaj yo nan salklas yo, sitou nan matyè lekti ak matematik.

Nan fen tiliv sa a, gen yon lis referans ki bay kote pou jwenn plis enfòmasyon pou paran yo ak sitwèb kote ou kapab jwenn resous sa yo.

### Kisa RtI ye?<sup>1</sup>

RtI se yon metòd lekòl yo itilize pou detèmine si yon elèv reponn nan ansèyman salklas, epitou pou detèmine si elèv la fè pwogrè jan yo espere sa. Nan yon metòd RtI, yon elèv k ap debat ap resevwa sipò ansèyman siplemantè lè yo amonize ansèyman avèk bezwen yon elèv apa avèk yon modèl ansèyman ki gen anpil faz. Chak nivo, ki rele faz tou, bay ansèyman an avèk plis entansite tankou pi piti gwoup oswa tan ansèyman ki konsantre sou kèk matyè espesyal.

RtI konsantre ou prevansyon bonè pou difikilte akademik, sitou nan matyè lekti ak matematik lè li:

- asire ansèyman an apwopriye pou tout elèv yo;
- kontwole pwogrè elèv yo; epi
- bay nivo siplemantè èd nan ansèyman an (entèvansyon) pou elèv ki bezwen sipò.

### Ki etap ki gen nan RtI?

#### 1. Egzaminasyon ki fèt pou tout elèv yo.

##### Kisa egzaminasyon ye?

Egzaminasyon se yon evalyasyon rapid ki mezire konpetans oswa konpòtman yon elèv yo mande pou nivo klas li. Yo ka fè egzaminasyon yo yon fwa chak ane oswa apeprè twa (3) fwa chak ane.

##### Kijan yo itilize rezilta egzaminasyon yo?

Egzaminasyon pou tout elèv yo ede lekòl yo idantifye elèv yo konsidere ki arisk pou pa aprann konpetans nesèsè yo mande pou laj oswa nivo klas elèv la. Selon rezilta premye egzaminasyon an, yon lekòl la ka rekòmande pou yo bay yon elèv yon sipò ansèyman siplemantè pou diskite sou domèn bezwen elèv la.

##### Èske y ap bay yon paran avi pou rezilta egzaminasyon pitit li?

Kèk lekòl bay tout paran yo avi pou rezilta egzaminasyon pitit yo, men sa pa nesèsè. Men, si lekòl la rekòmande pou yon elèv resevwa sipò siplemantè nan ansèyman ki depase sa yo bay pou tout elèv yo nan klas la, lekòl la fèt pou bay paran an avi pou sa.

#### 2. Tout elèv yo ap resevwa ansèyman apwopriye.

Yon metòd RtI kòmanse avèk ansèyman apwopriye pwofesè salklas la bay pou tout elèv yo nan klas ansèyman jeneral la. Sa rele Faz 1.

<sup>1</sup> Anplis pwogram RtI ki konsantre sou difikilte akademik yo, anpil lekòl itilize sistèm sipò pou konpòtman tou ki baze sou yon modèl RtI. Sistèm sa a rele "Entèvansyon ak Sipò pou Konpòtman Pozitif" oswa PBIS. Pou jwenn plis enfòmasyon ale nan sitwèb <http://www.pbis.org/>.

### **Kisa ansèyman apwopriye ye?**

Ansèyman apwopriye vle di metòd ak materyèl yon pwofesè itilize baze sou rechèch ki montre pifò elèv yo ap gen siksè si yo resevwa ansèyman an nan manyè sa a. Paske elèv yo aprann nan diferan fason, li enpòtan pou yon pwofesè itilize anpil kalite metòd efikas ak materyèl pou satisfè bezwen tout elèv ki nan klas li.

### **Kisa yo konsidere kòm ansèyman lekti ki apwopriye?**

Ansèyman lekti ta dwe gen ladan ansèyman nan eleman enpòtan lekti:

- konesans fonemik: konpetans pou distenge son lang yo apa;
- fonik: konpetans pou konprann koneksyon lèt-son;
- devlopman vokabilè: konpreyansyon mo pou kominike yon fason efikas, aloral ak alekri;
- konpetans pou li: konpetans pou li aloral avèk vitès, presizyon ak ekspresyon vokal; epi
- konpreyansyon lekti: konpetans pou konprann mo ki ekri.



Andedan modèl Rtl, yo bay entèvansyon sible avèk nivo k ap ogmante ofi-amezi oswa avèk faz sipò. Plis entansite kapab vle di plis tan, pi piti gwoup ak/oswa plis ansèyman ki konsantre sou kèk matyè espesyal kote elèv la gen difikilte. Pifò modèl Rtl yo bay twa (3) faz sipò.

### **Kisa Entèvansyon Faz 2 ye?**

Entèvansyon Faz 2 se yon diplis sou ansèyman salklas regilye elèv la epi yo ka bay li nan salklas la oswa nan yon sal apa. Anjeneral, entèvansyon Faz 2 vle di yon elèv:


- resevwa ansèyman an nan yon ti gwoup;
- resevwa tan ansèyman sipleman; ak/oswa
- resevwa ansèyman avèk anpil metòd ansèyman tankou plis posiblite pou pratik ak plis ansèyman entansif sou konsèp difisil yo.

Pa egzanp, yon elèv ki gen difikilte pou li ka resevwa ansèyman an nan yon ti gwoup (3-5 elèv) pandan 30 minit pa jou avèk yon pwofesè lekti. Se yon espesyalis lekti oswa matematik ki ka bay entèvansyon Faz 2 sa a. Pandan moman sa a, y ap mezire pwogrè elèv la souvan (kontwòl) pou wè si entèvansyon an satisfè bezwen li yo.

### **Kisa Entèvansyon Faz 3 ye?**

Pou elèv ki toujou p ap fè pwogrè avèk Entèvansyon Faz 2, yo ka bay yo entèvansyon Faz 3. Yo ka bay ansèyman an nan nivo sa a pi souvan, pou pi piti gwoup ak/oswa pou yon peryòd tan ki pi long pase sa yo te bay nan Faz 1 oswa 2. Faz 3 ka itilize materyèl oswa pwogram ki konsantre sitou sou konpetans elèv la ka gen difikilte ladan.

### **Rtl Tiers**



### **3. Yo bay lòt sipò ansèyman pou elèv yo, dapre egzaminasyon an ak mezi pwogrè elèv yo san rete.**

#### **Kijan y ap bay sipò sipleman nan ansèyman an?**

Elèv yo idantifye nan egzaminasyon an kòm elèv ki bezwen sipò sipleman nan ansèyman an, ap resevwa èd ki la pou satisfè bezwen yo. Èd sa a rele entèvansyon sible. Entèvansyon sible gen ladan metòd oswa estrateji ansèyman pwofesè a pral itilize, kantite fwa yo pral bay entèvansyon an epi pou ki kantite tan yo pral bay entèvansyon an.

#### 4. Kimoun ki detèmine nivo sipò (Faz 1, 2, 3) pou chak elèv?

Si yo idantifye yon elèv kòm yon elèv ki bezwen sipò nan ansèyman, yon ekip ka rankontre pou revize enfòmasyon nan travay elèv la, nan egzaminasyon li, ak nan evalyasyon Eta ak distri a elèv la te fè. Anjeneral, ekip sa a gen ladan pwofesè (yo) ki nan salklas elèv la, paran li (yo), ak lòt ekip tankou yon pwofesè lekti ak sikològ lekòl la. Ekip la ap rekòmande ki kalite sipò elèv la bezwen nan ansèyman an ak kantite fwa epi pou konbyen tan yo pral bay sipò a. Ekip la ap deside tou sou kantite fwa y ap kontwòle pwogrè elèv la pou detèmine si li reponn nan sipò yo bay li nan ansèyman an.

#### 5. Kisa kontwòl pwogrè ye?

Kontwòl pwogrè gen ladan yon evalyasyon yo fè souvan sou pèfòmans yon elèv nan domèn espesyal konpetans li. Yo itilize kontwòl pwogrè a pou detèmine si sipò espesyal yo bay elèv la nan ansèyman an efikas epitou pou bay pwofesè elèv la enfòmasyon sou fason pou ajiste ansèyman an pou satisfè bezwen elèv la.



#### Konbyen fwa kontwòl pwogrè a fèt?

Kantite fwa yo ta dwe kontwòle pwogrè yon elèv ap diferan selon lekòl la, selon nivo entèvansyon an epitou selon bezwen endividyèl elèv la. Nan anpil ka, elèv yo ap kontwòle pwogrè chak elèv apa yon fwa chak lòt

semèn oswa y ap fè sa souvan chak semèn. Anpil lekòl ki itilize yon metòd Rtl ap reprezante pwogrè elèv la sou yon graf pou wè si elèv la fè pwogrè. Sa ap ede idantifye kote gen yon diferans ant fason elèv la ap fè pèfòmans ak sa yo mande lòt elèv yo ki nan gen menm laj oswa ki nan menm klas avèk elèv la.

Kontwòl pwogrè a ap ede ekip lekòl la konnen tou si sipò nan ansèyman an yo bay la bezwen chanje.

#### 6. Ki enfòmasyon paran yo ap resevwa nan metòd Rtl?

Paran yo ta dwe resevwa rezilta egzaminasyon an nan lekòl la, ak dènye enfòmasyon regilye sou pwogrè pitit yo nan salklas la. Men, lekòl yo dwe fè pwogrè pou kontwòle enfòmasyon ki disponib pou paran elèv ki resevwa nivo entèvansyon nan Faz 2 oswa 3.

Paran elèv ki bezwen sipò Faz 2 oswa 3 dwe resevwa enfòmasyon ki bay deskripsyon sou:

- kantite ak kalite done sou pèfòmans elèv la y ap rasanble ak sèvis ansèyman jeneral y ap bay yo;
- estrateji pou ogmante ritm aprantisaj elèv la; epi
- dwa paran yo pou mande yon evalyasyon pou pwogram ak/oswa sèvis ansèyman espesyal.

Chak paran yon elèv ki patisipe nan yon metòd Rtl jwenn ankourajman pou rankontre souvan avèk pwofesè yo ak ekip lekòl la k ap bay sipò nan ansèyman an pou elèv la pou yo kapab revize pwogrè elèv la.

Pwofesè yo ka mande yon paran pou ede kore pwogrè elèv la nan yon kantite fason. Yo ka mande pou paran an li pou pitit li, pou fè elèv la li pou ou epi/oswa pou fè lòt aktivite ki ankouraje devlopman pozitif nan konpetans.

#### Kisa ki pou fèt si yon elèv pa fè pwogrè menm lè li resevwa pi plis entèvansyon nan Faz 3?

Gen yon ti pousantaj elèv la ki pa fè pwogrè yo mande yo epi ki ka bezwen lòt evalyasyon pou detèmine lòt rezon mank pwogrè a. Kèlkeswa lè gen enkyetid ki montre elèv la ta ka gen yon andikap ki afekte konpetans li pou fè pwogrè, lekòl la ap chèche jwenn konsantman paran an pou fè yon evalyasyon endividyèl pou detèmine si elèv la bezwen sèvis ansèyman espesyal. Y ap konsidere enfòmasyon yo rasanble nan pwosesis Rtl kòm yon pati evalyasyon sa a.

Si, nenpòt kilè, yon paran panse pitit li ka gen yon andikap, paran an ta dwe fè yon demann alekri nan lekòl la pou fè yo evalye elèv la pou li ka resevwa sèvis ansèyman espesyal. Paran an kapab remèt demann alekri a ba pwofesè elèv la, biwo ansèyman espesyal lekòl la oswa direktè bilding nan.

## Resous

Sant Nasyonal pou Repons nan Entèvansyon (National Center on Response to Intervention), Desanm 2007, <http://www.rti4success.org/>

Se Sant Nasyonal pou Rtl (National Center on Rtl) ki finanse avèk lajan gouvènman federal ki devlope epi antreteni sitwèb sa a. Pami anpil resous, gen yon kantite ki gen pou wè ak paran ak patisipasyon paran yo. Paske se sitwèb ki nouvo ak aktif, kantite resous yo pral ogmante.

National Reading Panel. K AP MONTRE TIMOUN YO LI: Yon Evalyasyon ki Baze sou Prèv pou Literati Rechèch Syantifik sou Lekti ak Efè li pou Ansèyman Lekti. Dat Dènye Chanjman mwa Jwen 2010 (Materyèl yo jwenn nan mwa me 2008) <http://www.nationalreadingpanel.org/>

National Research Center on Learning Disabilities (NRCLD). (Avril 2006). Fason pou Kòmanse avèk Detèminasyon SLD: Apre Re-Otorizasyon IDEA. Johnson, E. & Mellard, D.F.

Depatman Edikasyon Eta New York [New York State Education Department (NYSED)] - <http://www.p12.nysed.gov/>

NYSED, Biwo Ansèyman Espesyal – Èd pou Paran yo - <http://www.p12.nysed.gov/specialed/quality/parents.htm>

Repons Eta New York pou Sant Èd Teknik nan Entèvansyon (New York State Response to Intervention Technical Assistance Center). Depatman Edikasyon Eta New York finanse NYS Rtl-TAC nan estrateji Depatman an pou ankouraje ak devlope konpetans distri lekòl yo pou aplike yon repons sistèm nan pou metòd entèvansyon an. [www.nysrti.org](http://www.nysrti.org).

Sant Èd Teknik Biwo Pwogram Ansèyman Espesyal [Office of Special Education Programs (OSEP)] pou Entèvansyon ak Sipò pou Konpòtman Pozitif - <http://www.pbis.org/>

Lekti Dabò: Yon Ti Koutje Pi Pre nan Senk Eleman Prensipal Ansèyman Lekti Efikas, Learning Point Associates, 2004.

ABCs of Rtl, Lekti Lekòl Primè, Yon Gid pou Paran yo, Mellard, D., McKnight, M., Deshler, D., Desanm 2007



Depatman Edikasyon pa fè diskriminasyon akòz laj, koulè, relijyon, kwayans, andikap, eta sivil, paske yon moun se veteran, peyi kote moun soti, ras, sèks, pre-dispozisyon jenetik oswa kondisyon moun ki transmèt maladi, oswa preferans seksyèl nan pwogram ansèyman li yo, nan sèvis li yo ak nan aktivite li yo. Pòsyon piblikasyon sa a kapab disponib nan anpil kalite fòm, tankou ekriti bray, gwo lèt oswa sou bann mayetik odyo, sou demann. Pou jwenn ransèyman konsènan règleman anti-diskriminasyon sa a, ou ta dwe kontakte Department's Office for Diversity, Ethics, and Access, Room 530, Education Building, Albany, NY 12234.